M10/1/A1SHO/SP1/SNA/TZ0/XX

22100263

International Baccalaureate®
Baccalauréat International
Bachillerato Internacional

**SHONA A1 – STANDARD LEVEL – PAPER 1**
**SHONA A1 – NIVEAU MOYEN – ÉPREUVE 1**
**SHONA A1 – NIVEL MEDIO – PRUEBA 1**

Thursday 13 May 2010 (afternoon)
Jeudi 13 mai 2010 (après-midi)
Jueves 13 de mayo de 2010 (tarde)

1 hour 30 minutes / 1 heure 30 minutes / 1 hora 30 minutos

INSTRUCTIONS TO CANDIDATES

- Do not open this examination paper until instructed to do so.
- Write a commentary on one passage only. It is not compulsory for you to respond directly to the guiding questions provided. However, you may use them if you wish.

INSTRUCTIONS DESTINÉES AUX CANDIDATS

- N'ouvrez pas cette épreuve avant d'y être autorisé(e).
- Rédigez un commentaire sur un seul des passages. Le commentaire ne doit pas nécessairement répondre aux questions d'orientation fournies. Vous pouvez toutefois les utiliser si vous le désirez.

INSTRUCCIONES PARA LOS ALUMNOS

- No abra esta prueba hasta que se lo autoricen.
- Escriba un comentario sobre un solo fragmento. No es obligatorio responder directamente a las preguntas que se ofrecen a modo de guía. Sin embargo, puede usarlas si lo desea.


© International Baccalaureate Organization 2010

https://xtremepape.rs/

*Sarudza ndima* ***imwe chete*** *pane mbiri dzinotevera, ugonyora pfungwa dzako pamusoro payo. Pane mibvunzo iri pashure pendima, haumanikidzwi kuipindura asi yakaiswa kuti ikubatsire pakunyora zvaunofunga pamusoro pendima yacho.*

**1.**

Dzakanga zvino dzoverenga pepa reSunday Mail bhodhoro redoro rakagadzikwa pakati pamakumbo. Dzaiverenga dzichitevedza mavara adzainongedza nechigunwe dzichiseka dzega zvadzo. Vanhu vaingodzitarisa vopfuura. Dzakatora chinyoreso kubva muhomwe dzoita tumitsetse tumitsetse pasi pamavara adzaiverenga dzichibva dzagutsurira musoro zvinyoro-nyoro. Dzakazotarisa wachi yadzo, dzichibva dzangosimuka kunge munhu uya anzwa manyoka aye anongouya zvisina "ndauya". Dzakangosimudza bhodhoro radzo reCastle ndokufambisa dzichienda kundokwira makombi anobva Bindura achienda Harare. Dzakasvika ndokusvikorova *salute* dzichimira dzakati twasu sezvinoitwa namapurisa kana mauto. Dzadaro dzakabva dzati kune vamwe mai vaive vakabereka mwana, "Nhai mai Kambeu…Gara zviya ndiKambeu here kana kuti Kamunhikwi? handichanyozivi, vana vacho vawandisa mhani! Ha-a, hazvinei hazvo mai Kagaka. Asi munoziva here kuti ndaive ticha?"

Pakamboita karunyararo zvishoma dzibva dzazoti, "Hoo-ya-a, ndaive ticha ini. Ticha chaiye anonyora nechoko achifundisa vana venyu, asi vakandidzinga basa. Hanzi ini ndinopenga! Mungazvibvumevo kuti ndinopenga nhai amai? Ndakafitwa here nokuti hiri-hiri inini? Mhunhu akadzidzisa vana iro gore ratabva irori vamwe vavo vakatowana *fifteen points* dzokuendesa kuUniversity? Fifteen points munodziziva here nhai mhai? Dzinonetsa kuwana, dzinotoda ticha anoziva basa nemwana ane chido chekudzidza. Kupenga! Ha-a, hameno kuti kupenga kwakadai kuchazoonekwa nani chaizvo kuti kupenga. Ini chaiye *kudhunya*? Ndiko kunonzi *kudhunya* manje. Vanhu havadi munhu anofunga zvakadzama achiona zvakadzika-dzika nekutaura asingakakamire. Ndinika wacho inini. Handiite munhikwi nedoro rinopisa, handikotsiri ndakabata chidhiraivho chemota. Ndini hwereshenga, chibwechitedza, *sikarabonya* mushonga wapachuru, asi vanhu vanonditi ndinopenga. Kupenga vanombokuziva here? Nhai mhai, kupenga munokuziva here? Kuye kunoita kuti vanhu vagare vakakusungwa necheni dzegejo? Vanhu vanoita zvokutamba nokupenga chokwadi. Namwari chaiye vanhu vanopenga." Dzakambomira dzokwiridzira bhurukwa radzo dzatarisa mai vaye vaive pamakombi. Dzakazotendedeuka dzotarisa mai vaye vaive vakabereka mwana sekunonzi dzaida kuti vataure chimmwe chinhu.

Mai vaye vakangoseka-seka zvavo ndokutsikitsira pasi sevainyengwa. Havana zvavakataura.

"O! munhu wese anofunga kuti ndinopenga! Muri kundisekaka nhai mai vaKamupira. Muri kudisekerei? Nemiwo munenge munopenga futi. Ticha mumwe chete pachikoro chese, Mr. Shamuyarira, neni ndisu chete tinoziva kuti ini handipengi! Ndaivadzidzisa kuongorora nhetembo namabhuku. Kuvadzidzisa kuny'urura, kudzumbunura, kupepeta nekuyanika pfungwa. Kuona shuga iri pagaro rekapu izere tii. Kuzazanura, kuputunura masvinga, nokuveza masvingo mupfungwa. Ndaivadzidzisa kufunga zvakadzama. Zvinoda pfungwa dzakasungunuka izvozvo, pfungwa dzisingatyi, pfungwa dzinofema, dzinoyerera semmvura pemapopoma ekuVictoria Falls. Ko inotya ani, iwe? Inongoerera ichishinyira ichienda zvisina kukosora kana nhetemwa. Kufunga hakudi kumbunyikidzwa. Zvinoda misoro inopfungaira mazano."

Ignatius T. Mabasa, *Mapenzi* (1999)



https://xtremepape.rs/

– Unofungei nezvinangwa zvomunyori uye kuzadzikiswa kwazvaitwa muchinyorwa?

– Unofungei namaumbirwo aitwa mutambi mukuru muchinyorwa ichi?

– Unofungei nomutauro wasevenzeswa. Unofambirana zvakadii nezviri kuitika muchinyorwa?



https://xtremepape.rs/

**2.**

**Makanganwa Here?**

Ndikataura zvekure angava manyepo
Regai ndinange zvaimo muno muMberengwa
Veduwe, madirei kukanganwa chanezuro nehope
Nzara ya1992 heya yatove nyambosu?
Makanganwa here kuti takaguura senyoka
Makanganwa here tichiti vhiki bha-a paG.M.B. paMataga
Makanganwa here tichikododzvorerana chibage chokuhora
Ndimi here morarirochemedza hwamanda yokukokerana ndari?
Ndimi here mozadza makomba nesadza kuti madhongi adye?
Ndimi here movhevhewa kutenga tsvigiri nechibage?
Ndimi here mokushira bhagidhi remhunga huku neshiri
Nhasi uno here kugadza mugomo wechibage chezhizha
Hapana zvandingataura nokuti masimba ndeenyu
Asi ndangoti ndibvunzeo kuti makanganwa here?

Pelda Hove, *Zimbabwe Women Writers Selections-Nhetembo* (1998)

– Unofungei nevavariro kana kuti zvinangwa zvanyanduri zvaburitswa munhetembo uye kuti zvaburitswa sei?

– Wakanangana namaumbirwo enhetembo nokuburitswa kwedingindira unofunga kuti nyanduri abudirira zvakadii?

– Unofungei nomutauro uye zvidavado zvasevenzeswa nayanduri munhetembo?



https://xtremepape.rs/